## Исус Христос къызэрэхъугъэр

1 Амафэхэм Рим къэралытъошхом зэкIэ ис цIыф пстэури
алъытэнхэу ыкIи ацIэхэр атхынхэу Кайсар Аугуст зыцIэм унашъо
къыдигъэкIыгъ. 2 Мыр апэ дэдэу цIыфхэр зыщалъытагъэхэр ары. Ар
къызыхъугъэр Сирие хэкум иIэшъхьэтетэу Квириный зыцIэм
илъэхъан ары. 3 Арыти, хэтрэ цIыфи ежь ыцIэ аригъэтхыным пае,
ятэ-янэхэр зыщыщ къалэм кIуагъэ. 4 Арэущтэу Юсыф пачъыхьэу
Даутэ къытехъукIытъэ цIыфхэм зэращыщым пае Галилей хэкум
щыщэу Назарет зыцIэ къалэм дэкIи, Иудей хэкум щыщэу Даутэ
икъалэу Вифлеем зыцIэм дэкIоягъ. 5 Юсыф Мерэмэу къыщэнэу
ыгъэнэфагъэм игъусэу ежь ыцIэ аригъэтхыным пае Вифлеем
дэкIоягь. Мерэм ышъо сабый хидзагъ 6 ыкIи ащ дэжьым щыIэхэу
илъфэгъу мафэ къэсыгъ. 7 Джащыгъум Мерэм ыгкъоу щыпэбыныр
къыфэхъуи, хъэдэным кIоцIищьгхьагъ. ХьакIэщым ахэмэ апае
чIыпIэ нэкI иIэжьэпти, былымхэр зьгчIэт цощым ит Iус шхынлъэ
горэм дилъхьагъ. 8 А Iэгьо-благъом мэлэхъо заулэ ямэлхэм апэтхэу
чэщым губгъом итыгъэх. 9 Тхьэм имэлэIич горэ ахэмэ
къафэлъэгъуагъ. Зиусхьаньгм инэфынэ гъэшIэгъонышхо мэлахъохэр
къызеуцухьэм, ахэр лъэшэу къэщтагъэх. 10 Ау мэлэIичым
къариIуагь: «Шъумыщт, ау шъукъэдаIу! ЗэкIэ шъулъэпкъ пае къэбар
гушIогъошхо къьгшъосIощт: 11 ШъумыкIодэу
Шъукъэзгъэнэжьыщтыр Даутэ икъалэ непэ къыщыхъугъ,
Зиусхьанэу Христос арьг. 12 Мыр шъоркIэ нэшанэ хъущт: Зы сабый
горэ хъэдэным кIоцIыщыхьагъэу, Iус шхынлъэм дэлъэу
къэжъугъотыщт». 13 ЕтIанэ ошIэ-дэмышIэу мэлэIичым ыдэжь
уашъом щыщэу мэлэIич купышхо къыщылъэгъуагь. Тхьэм
щытхъушхо фашIэу мырэущтэу къаIуагъ: 14 «Щытхъушхор
уашъомкIэ Тхъэм ий, нIылъэмкIэ цIыфхэу Тхьэр разэ зыфэхъухэрэм
гупсэфыныгъэр яй!» 15 МэлэIичхэр IукIыжьхи, уашъом
зыдэкIоежьхэм, мэлахъохэм зэраIожьыгъ: «Зиусхьаным зикъэбар
къытфигьэIутъэ хъутъэ-шIагъэр тлъэгъунэу Вифлеем тыжъугъакIу».
16 Арыти Вифлеем псынкIэу кIохи, Мерэми, Юсыфи, Iус шхынлъэм

дэлъ сабыйри къагъотыгъэх. 17 Ахэмэ ахэр залъэгъухэм, мэлэIичым
сабыим ехьылIагъэу къариIуагъэхэр аIотэжьыгъэх. 18 Мэлахъохэм
къаIуагъэхэр зэхэзыхыгъэ цIыф пстэуми агъэшIэгъуагъэх. 19 Ау
Мерэм мы Iофхэр зэкIэ ыгу риубытэхи ягупшысагъ. 20 Мэлахъохэм
зэхахыгъэ пстэумрэ алъэгъугъэ пстэумрэ апае Тхьэр агъэлъапIэзэ,
щытхъу фашIызэ, агъэзэжьыгъ. А Iофхэр зэрэхъугъэхэр мэлэIичым
ахэмэ къызэрариIуагъэм тетэу ары.